

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjiandioer Bestuur Pasoendan Tjiandioer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun ke Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Diititik di Drukkerij Soekarno Tasikmalaja.

Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA Redakteur di Batawi SOERADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat nos sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE: 1/10 katja f 2,50 } 1/20 " f 1,50 } Sakali mocat Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN 3 bulan f 1,50 Dibayar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Sapalih teu atjan ngintoen artos langganan kw. III '27. Enggal kintoenkeun margi parantos lat. Kedah sili hormatan Djoeragan.

Oepami langganan anjar ngintoen r 1,50 ti ajeuna koran dikintoen gratis. Eta artos lebet kana bajaran kw. 4.

Adm. Sip.

Openbare Combinatie Vergadering di Bandoeng.

Dina dinten Minggoe ping 14 Agustus 1927, di Bandoeng parantos ngadamel hidji Openbare Combinatie vergadering, anoe diajakeun koe Party Nasionaal Indonesia, Party Sarekat Islam, Pagoejoeban Pasoendan sareng Boedi Oetomo.

Tempatna vergadering di gedung Empress - bioscoop, Soeniaradjaweg, gedong anoe sakitoe gedema teh, nepi heurig oesik, dedet padet pisan moal koerang ti 1000 djalma.

Toean Stokvis (tid Volksraad) ngahadja merloekun ti Bogor ka Bandoeng, wakil Pamarentah toean Adj. Adviseur voor Ind. zaken van der Plas, politie djeung reserseur leuwih ti tjekoep, wakil - wakil ti soerat soerat kabar, ti Alg. Ind. Dagblad, De Koerier, Keng Po, Baudera Islam, Sipatahoenan djeung djaba ti eta.

Djam 9.45 vergadering dibooke koe voorzitter Djoeragan Ir. Soekarno, boeboeka vergadering sakoemaha biasa bae, nganoehoenkeun ka anoe saramping kalajan asmana pagoejoeban pagoejoeban anoe sami ihtiar ngadamel ieu vergadering, saladjengna voorzitter nerangkeun maksoedna pangua ngadamel ieu vergadering teh, nja eta doemeh aja roepa-roepa bedja jen aja pirang - pirang kaprihatinan Studenten Indonesia di nagara Walanda. Ari anoe djadi sabab kana kaprihatinana teh, nja eta di nagara Walanda rea anoe njungka ka Studenten Indonesia madjar teh Communist, padahal mah Studenten Indonesia teh Nationalisten anoe toelen tea.

Panjambatna voorzitter ka vergadering, ajeuna sakoer anoe ngabogaan rasa nationalist ka Indonesia geura soep ka Party Nasional Indonesia, sakoer anoe boga rasa nationalist make dadasar ka - Islam anoe geura soep ka Party Sarekat Islam, sakoer anoe boga rasa nationalist ka - Soendan geura soep ka Pag. Pasendan, sakoer anoe boga rasa nationalist ka Djawa anoe geura soep ka Boedi Oetomo djeung djaba ti eta, soepaja oerang salawasna bisa digawe babarengan, pikeun ngaboektikeun bohongna kaum anoe mikangewa ka oerang, anoe sok njeboektikeun madjar oerang Indonesia mah tara goejob djeung pada bangsana.

Voorzitter toeloej matja soerat ti Djoeragan Dr. Tjipto Mangoenkoesoemo, anoe nembongkeun kahandjakalana doemeh teu bisa njaksian eta vergadering, lantaran aja balangan anoe pohara pisan, tapi anadjan kitoe oge teu boeroeng ngadjoeroeng koe nraodoengna, soepaja ieu verering aloes baselina.

Voorzitter ngahatoeran njarjos ka Djoeragan Mr. Ishaq, anoe kedah ngadadarkeun kaajaanana Studenten Indonesia di nagara Walanda.

Ngawitanana Djrg. Mr. Ishaq, njarjoskeun sadjarahna perhimpoeuan Indonesia anoe diadegkeun koe nonoman Indonesia di Europa ti mimiti diajegkeun nepi ka ajeuna, dina organ Perhimpoeuan Indonesia anoe make ngaran Indonesia Merdeka tajaan aja hidji karangan anoe propaganda pikeun ngarboektikeun pamarentah, Perhimpoeuan Indonesia teh, enja geus uampa doeit ti Djrg. Semaoen anoe ajeuns aja di Roselan, tapi ieu doeit teh, isin ti pamarentah Soviet atawa pikeun propaganda Communisme, tapi ti Djrg. Semaoen pribadina.

Soerat-soerat kabar anoe mikangewa kana kamadjoenanana Indonesia, asa manggih djalun pikeun ngagoreng Perhimpoeuan Indonesia, dibelaan make ngabohong segala, madjar teh, waktos imah Studenten tea digaradah maka aja bom tina djeur piano segala, djeung rea - rea deui ngabohongna djaba ti eta.

Padahal Perhimpoeuan Indonesia teh, narima soembanganana lain ngan ti Djrg. Semaoen bae, ari reoreana pisan mah ti Pagoejoeban Theosofie di Europa, tapi perkara ieu mah koe soerat-soerat kabar anoe mikangewa tea henteu diseboet-seboet atjan sagala, djeung rea - rea deui ngabohongna djaba ti eta.

Ari ajeuna Studenten Indonesia anoe teu poegoes dosana, meunang pirang-pirang antjaman, anoe noengtoen kana kaprihatinana, ieu teh taja lian ngan gawena anoe mikangewa tea.

Voorzitter nganoehoenkeun kana kateranganana Djrg. Mr. Ishaq, sarta ajeuna gede kajakinan jen Studenten Indonesia teh lain Communist ngan woengkoel koe panghianat deungeun bae pangna pinanggih djeung kaprihatinan teh, tidinja Voorzitter ngahatoeran njarjos ka Djrg. Sjahboedin Latif, anoe kedah ngadadarkeun „Lig.“ njanghareup kana peresan tanah djadjahan.

Djoeragan Sjahboedin Latif, ngawitanana njarjoskeun Studenten tea, tapi ari svenja-enjana mah ieu kaprihatinan teh, karasana lain ngan koe Studenten Indonesia anoe araja di nagara Walanda bae, tapi kadang wargana noe aja di Indonesia oge, moal ngeunah, padahal Studenten Indonesia teh, anoe gede pisan, djasana pikeun tanah Indonesia, nja eta, maranehanana geus merloekun ka Liga-Congres noe di Brussel minangka ngawakilkeun oerang Indonesia kana Congressus teh. Toeroeg-toeroeg Liga teh anoe sakitoe pentingna, kome deui pikeun bangsa oerang anoe njijingan tanah kolonie (pataloekan) mah, sabab koe anggononna Liga, soepaja sakoer tanah kolonie bisa meunang kamerdikaan. Djadi tina sabab eta, moenggoehing bangsa oerang anoe ngarep - ngarep kana datangua kamerdikaan, mendjeuhna pisan ngaroedjoekan kana ajana Liga-Congres, nja kitoe deui ka Studenten Indonesia anoe merloekun datang kana eta kongres ngawakilkeun oerang Indonesia.

Meh ti sakoeliah alam doenja, kome deui ti tanah-tanah djadjahan mah pada ngirimkeun wawakilka kana eta kongres Liga tea. Oentoeng anoe pohara pisan oerang Indonesia, sabab Congres Liga geus moetoeskeun jen rek mantoean ihtiar sakoer anoe beunang dipigawe mah, pikeun ngalaksanakeun maksoedna oerang Indonesia ngoadag kamerdikaan. Oerang koedoe katjida pisan toemarinana kana djasana Studenten Indonesia anoe sakitoe pentingna pikeun kaha-

reupna oerang koedoe njeun katangtoean koemaha taladjak oerang kana Liga Congres tea, sarta sabisa - bisa ngirimkeun wawakil sjoes torodjogan ti lemah tja oerang, perkara ieu kahareupna oerang bademikeun deui.

Voorzitter nganoehoenkeun kana tjariosanana Djrg. Sjahboedin Latif anoe ngahargaan pohara pisan kana djasana Studenten Indonesia noe aja di nagara Walanda tea, saladjengna andjeunna ngahatoeran njarjos ka Djoeragan Bakrie Soeraatmadja, pikeun ngadadarkeun koemaha tarekahn saangkan bisa njambeng njarjosgoeom kana kahiropanana Studenten Indonesia anoe kasangsara di Europa Samemehna Djrg. Bakrie Soeraatmadja njarjos andjeunna njeboektikeun idin ka Voorzitter, bade njarjos koe basa Soenda. (Doepi anoesanes mah njarjosna koe basa Malayoe. V. g.)

Djoeragan Bakrie Soeraatmadja oge njarjoskeun pirang-pirang kaprihatinan sareng kasangsaraan anoe karandapan koe Studenten Indonesia di nagara Walanda, panjambat andjeunna teu aja deui paham tarekahn, kadjaba ti oerang sarerea koedoe ngadegkeun hidji Komite anoe baris ihtiar soepaja bisa njeombang pikeun Studenten Indonesia di Europa soepaja bisa uoeloekun pangadjaranana, oelah nepi ka kakeuranganan belajantaran koe pitaub deungeun njarjoskeun Djrg. Bakrie Soeraatmadja anoe langkoeng panjang tiugali dina sanes kolom Redj.)

Voorzitter nganoehoenkeun, kana tjariosanana Djrg. Bakrie Soeraatmadja, saladjengna voorzitter naros ka vergadering, bilih aja anoe bade ngawoewoehan katerangan, atanapi bade ngabantah kana tjariosanana anoe njarjos tadi, anoe moendot njarjos teu wudoes bae seueur, ngawitan anoe njarjos toean R. Agerbeek (kawasua mah ieu Walanda teh kaom I. E. V.-Vg.) andjeunna njarjoskeun kateu pandoedjoenan oerang Indonesia make miloe njaritakeun kaajaanana Studenten Indonesia noe ajeuna aja di nagara Walanda, tjuek toean R. Agerbeek oerang koedoe pertjaja bae kana taladjakna politie di nagara Walanda, meureun pangna nepi ka kitoe oge enja maranehanana teh baroga dosa, perkara ieu oerang teu koedoe njanjahanan ka hakim di nagara Walanda, engke oge tangtloe tambong boektina, lamoen Studenten Indonesia bejang saralamat mah oelah daek deui narima doeit panjoembang ti Djrg. Semaoen.

Tjariosanana toean R. Agerbeek dibantah koe Djoeragan Hadji Boerhan Kartadiredja, tjariosan anoe saroepta kitoe mah dina mangsa ieu geus koedoe teuing, geus teu koedoe dikaloearkeun, oerang Indonesia kome bangsa nationalist mah geus moal aja anoe beukieun kana nasehat anoe saroepta kitoe mah, nasehat anoe kitoe mah, koedoe dikaloearkeunana teh dina taon 1895.

Lamoen oerang noeroetkeun nasehatna toean R. Agerbeek, saratoes taon deul oge Indonesia teh, moal bisa merdika.

Djoeragan Saetro oge ngabantah kana nasehatna toean R. Agerbeek teh, lamoen Studenten Indonesia tea, teu meunang narima doeit panjoembang ti Djr. Semaoen atawa ti anoe sedjen, atoech tada teuing pirapoehunnana, ajeunna mah toean R. Agerbeek bae geura indit ka ditoe nalingakeun Studenten Indonesia tea, djeung anoe ngaririm doeit koe toean R. Agerbeek koedoe ditjaram.

Djoeragan Mr. Ishaq anoe kagoengan hadas kedah ngawitanan ka toean R. Agerbeek, Djr. Mr. Ishaq henteu lali

nganoehoenkeun kana nasehatna toean R. Agerbeek, ngan kana eta nasehat teh teu bisa make, sabab koe emoetan andjeunna naon gorengna djeung naon salahna, lamoen oerang njaritakeun sagala kadjadian (perkara) samemeh nepi ka postoesan hakim.

Djaba ti eta, aja deui anoe ngiring njarjos teh, nja eta Djoeragan Hadji Joenoos sareng Djoeragan Hadji Abdul Goni, tapi tjariosanana teh teu sakoemaha pentingna, teu aja perlona nadjan ditjarioskeun di dieu oge.

Samemehna Voorzitter noengtoen vergadering, andjeunna nerangkeun jeeu noemoetkeun tjarios-tjariosanana anoe njarjos tadi, oerang sarerea meunang kajakinan jen Studenten Indonesia teh tetela lain Communist, tapi nationalist anoe toelen tea, sareng kalajan asmana vergadering nganoehoerkeun ka Studenten Indonesia anoe geus merloekun ngawakilan tanah Indonesia kana Liga-Congres.

Voorzitter ngaladjengkeun tjariosna, nja eta noemoetkeun pangadjakna Djrg. Bakrie Soeraatmadja soepaja ngadegkeun Komite pikeun ngadeudeul ka Studenten Indonesia anoe kasangsara di Europa, lain ngadeudeul kana toedjoen politikna tapi ngadeudeul kana kasangsaranana make rasa kabangsaan, make rasa kamanoesiaan. Kana ieu timbangan vergadering katjida ngaroedjoekanana.

Vorstel ti Voorzitter, pikeun pagawean Komite tea sarta milih pikeun lid-lidna oerang parabhkeun bae ka Djoeragan Dr. Samsi, tapi sakoerangkoerangna hidji tina oenggal-oenggal pagoejoeban. Anoe geus tangtloe hidji ti Party Nasionaal Indonesia, hidji ti Party Sarekat Islam, hidji ti Pagoejoeban Pasoendan djeung hidji deui ti Boedi Oetomo.

Vergadering ngaroedjoekan kana voorstelna Voorzitter anoe ninggang pisan kana kaperloeanana.

Dina ieu vergadering teh, katjida pisan ramena, katjida pisan natak goemibrana, ti mimiti nepi ka toetoepona henteu kendat anoe koprok.

Djam 1.30 vergadering ditoetoepon sareng salamatna.

Bareng djeung noetoepon vergadering, ngiderkeun bus seegan aja anoe rek derma (miloe njeombang) ka Studenten tea, ari beubennanganana nja teu wudoes bae aja f 46,50 (Opat poeloeh genep roepia satengah).

Verly. Stp.

Biantara Djrg. Bakrie Soeraatmadja dina Openbare Combinatie Vergadering.

Djoeragan Voorzitter!

Para Djoeragan, para kantja djeung sakabeh doeloe-doeloe!

Koering miloe djaboeng toemalapoeng, njarita dina ieu gempoengan, moega awas nja paningal, oelah rek dinaha-naha, oelah rek disaha-saha,

lain djoerig njiilwoeri, lain kelong nowo-newo, lain setan mindah roepa.

Koering miloe njarita dina ieu gempoengan teh, ngawakilan Pagoejoeban Pasoendan, babakoera Pagoejoeban Pasoendan Tjabang Bandoeng.

Dina ieu gempoengan, koering kapapantjanan koedoe njaritakeun: „Koemaha akal tarekahn, sangkan oerang bisa ngadendeul ka Studenten Indonesia anoe ajeuna kasangsara di Europa.

Moega oelah samar deui, Studenten Indonesia anoe ajeuna keur noengtoet elmoes ngoolik pangarti di nagara

Ti pipir hawoe.

Lamoen oerang nanjakeun ka noe onggues ka nagri, atawa ka oerang nagri pisan: sabaraha pang saeutikna boeroehan di nagri sapoe?

Ana didjawab, toekang laden djeroe tani, (boerenknecht), sabaraha? doea roepia! pangsaeutikna.

Djaba ti eta mah saranggih, tiloe opat, lima roepia bae sapoeuna, djongos baboe koti oge.

Koemaha di Indonesia? Eh, massja Allah, orat tjuek oerang Tjiandjoer tea mah.

Geura eta bae noe lain arbeider-toekang koeli-malah noe make bisloitan-kadjeun bisloeit toean Rasiden oge.

Lain rek ngahina djelema, paraloengnan aja gadjih f 15 saboealan alias f 3,75 saminggoe meureun sapoe 6 ketip. Ieu teh bisloeit tea. Ari naekna? satalen ingralem sa... moal ari aja onam verhooging saminggoe sakali antenan mah.

Naekna satalen teh, da poegoes antenan tea, make koedoe ditoeboh da disegelan 15 sen. Naek satalen ditjandolong 15 sen atoech verhoogd saketip.

Tjing papaj di sakoeliah Djabat raha aja, antenan kitoe, antenan, da boekan kaem boeroeh tea tjenah, aja bangsana.

Parandene kitoe seh ari di Antjoenan mah, ka Gelenje teh wani baed soemawon nanja.

Koemaha ari djadi koemin saeer Oea Nany oge.

Dewa! gueroe! Dewa Goeroe. Gelenje.

(*)

deungeun teh, kabeh oge bangsa oerang pada-pada oerang Indonesia.

Bisi bae diantara doeloe - doeloe noe ajeuna araja dina ieu gempoengan, aja keneh anoe ngarana hamham, perloe oge koering nerangkeun saeutik hartina „kabangsaan“ sangkan oerang sarerea bisa leuwih sososon mikanjashna ka bangsa-bangsa oerang noe katalangsara di nagara deungeun teh.

Moenggoehing kabangsaan oerang teh, ari kawenterkeunana ka nagara deungeun mah, nja kitoe deui ka tanah Europa, henteu digoedok-goedok tjara di dieu, toeh Soenda, toeh Djawa, toeh M d era djeung djaba ti eta. Tapi disareboetna teh oerang Indonesia bae. Dina lebah dieu mah, basa tijitjiren bangsa teh, henteu sakoemaha toemerapna.

Saradjan sawarah djalma aja anoe njoerahan, jen anoe diseboet bangsa, nja eta, anoe saroea basana djeung saroea adat tali parantina, tapi moenggoehing dina politik mah, anoe kitoe teh hese pisan ngalarapkann.

Tapi ari harti katangsaan dina politik mah, nja eta, anoe saroea hakna djeung saroea kawadjiabanana, anoe kakeoereng koe hidji roepa stoeran paparentahan, tjara sakoemaha oerang pribomei Indonesia ajeuna, pada kakeoereng koe kolonial-politik.

Djadi tina sabab eta, sagala anoe karandapan koe Studenten Indonesia noe ajeuna araja di Europa, boh hadana, boh gorengna, oerang teh teu boeroeng-katjiwit koelii kabawa daging bae, boeboehan pada - pada oerang Indonesia tea.

Oerang koedoes inget, jen „di sakoeliah alam doenja, moal aja hidji bangsa anoe mikanjaah mikatjinta ka

(*)

Ti padoekeohan.

Alo: „Jaktos mang, aja kneling-eungan di dinamit?“
Mamang: „Poegeoh bae, rama dina kubur mah mani ratoes-ratoes kitoe. Luluh paer emang mah, sieun sare-sieun laok.“
... „Saba eta teh noe boga gawe atoh, nja?“
... „Iilih ari alo, teu koedoe heran; moal boa meureun si Beurum.“
... „Si Beurum mana mang?“
... „Moal noe mana, da ngun saroeapa kapan.“
... „Aeh... karah emang teh teu oeningu? Model... nja!“
... „Heueuh na saha deui?“
... „Kapan aja koemin... leuwi ajeuna mah, alias se ro anoe sok umvep werpen van het... laok-laoek: Tahh dikoeimin... ieu ogo perloe dionderzoek.“
... „Enja bae... nja lo, Keun ke koo mamang rek dienderzoek.“

Kontak.

bangsa sedjen kadjaka ti bangsaa sorangan.“

Orang koedoe inget, jen „di sa-koeliah alam doenja, moal aja bilji djalma anoe leuwih mikatjinta ka lemah tjina anoe sedjen, ti batan ka lemah tjina sorangan.“

Orang mana mendi bangsa-tangsa anoe sedjen, oepama aja anoe miloe mikanjaah ka bangsa djeung ka lemah tjai orag; njaahna teh moal ngaleuwihan ti kanyaah orag tea, sarta moal tjik peetih tjik heran tjara kanyaah orag, palangsang oekoer njah poepoelisan bae.

Loeng loembratna manoes, mingkin diaoeh paubanaan, mingkin tibet ka lemah tjina, aja kitoe deui Studenten Indonesia noe araja di Europa oge geus moal boa tangtos mikanjaah ka lemah tjina, palangsang ngaleuwi hau ti kanyaah orag, sabab geus rea ppaugghaana di nagara deungeun, rea geusan ngabandingkeun.

Pikeun ngaboektikeun mikanjaah ka bangsa ka lemah tjai teh, henteu tjoekeup koo tjarta djeung lalamoan bae, tapi rea pisan anoe djadi saratna.

Diantara sarat saratna tea, anoe pangperloea pisan mah, nja eta pangarti atawa kapiuteraan, lamoen di orag Indonesia, rea keneh anoe koereng batok tjarek wiwilanganana, sisip koo harti, toena koo pangabis, tangtos pisan bangsa djeung lemah tjai orag teh, hese pisan rek wadjoena, seuseut seuat piwanggi djeung kadjembarana.

Geus kadjoereng koo oesoemna, geus kawawa koo negana, geus kaworo koo tempona, ajeuna geus aja, ngan tatan ari rea mah, bangsa orag anoe ujar pangarti ka tanah deungeun, anoe engkana tangtos pisan gede geusan pikeun kaperloea hiroep koemboeh orag sarerea.

Tadi koering geus njaritakeun, jen Studenten Indonesia noe araja di Europa teh, engke dimana geus datang deui ka dieu, tangtos gede pisan geusan pikeun kaperloea hiroep koemboeh orag sarerea, nja eta, madjan eta djalma-djalma teh henteu bisa kagawekeun pikeun kaperloea anoe sedjen oge, tapi ari pangartina mah, moal tamba, moal moesadir, tangtos koo orag bisa kagawekeun pikeun kaperloea somah, bisa nepa-nepakeun pangartina atawa kapiuteraan ka bangsa orag, koo djalan ngajakeun roepa-roepa pagoeron djeung sabangsana.

—o—

Djoeragan Voorzitter!

Kadjoereng koo mikajoengoen, katarik koo boedi asih, kabawa koo katjintaan, koering katjida ngarasa boengahna, malah bisa djadi sakabeh bangsa orag miloe atoh, gede goeoen pangangguban koo ajana bangsa-bangsa orag anoe njar pangarti di tanah deungeun teh, sabab gede pangarep ngarep baris gede geusan pikeun kaperloea hiroep koemboeh orag, sangkan oelah roetjat-rajet tjara ajeuna. Tapi kaboengaban anoe sakitoe gedena teh, ajeuna mah di toengtoengan koo kahandjakalan sarta katogeanan anoe katjida poharana. Ari anoe djadi lantaran, doemeh aja roepa-roepa bedja, anoe njaritakeun jen aja pirang-pirang kapribatian anoe karandapan koo Studenten In-

donesia tea.

Naon anoe djadi sabab kana kapribatianna koo koering geus ten koedoe ditaritakeun deui.

Anoe djadi sabab kana kapribatianna teh, oelah bon kakara koo sangka sangka woengkoel, koo dengkina anoe idjid, koo wisaja anoe ngewa, koo teuteubna anoe geuleuh, malah di erjana oge koo tamahana sorangan oepamana, tapi ari hate mah teu boereng mikamelang bae. Mikamelang soteh, lain ngaroedjoekan kana taladjakna anoe salah tea, lamoen enja salah tea mah, tapi mikamelang soteh ka djalma djeung kana pangartina anoe koo maranehanana keur ditareangan tea, da pangartina teh anoe koo orag sarerea katjida pisan diarep-aropna.

Pikeun ngoebaran kana kapribatianna tea, geus tangtos djadi kawajiban orag sarerea, nja koo djalan njamboeng ngaroengsoem kana pibekeleunana soepaja bisa noeloejkeun pangadjaranana.

Tangtos koo orag sarerea kama loem, koemaha pibisaunana noeloejkeun pangadjaranana, lamoen heureut koo pakeun koerang koo bahan, samporet teu bisa meber mah, toereng toereng aja di nagara deungeun taja geusan pakoemaha.

Geuning dina sesebred Nji Ronggeng oge: „Lieuk leuweung lieuk lamping, diaoeh ka sintoeng kalapa.“

Pikeun njar pangarti di nagara deungeun teh, tangtos pisan henteu tjoekeup koo deui saeutik, mana keur ongkos diadjarana, mana keur ongkos bookoe-boekoena, mana keur ongkos daharna, mana keur ongkos papakeanana djeung djaba ti eta, tatan kaitoeng lamoen maranehanana tea gering, mana keur majar dokterna, mana keur meuli oebarna. Ieu teh wangwangan ti kaanggaban bae, tangtos aja deui ongkos-ongkos djaba ti anoe disebet tjikeneh oge.

Ari ajeuna asa mingkin pohara pisan kanalangsang hate teh, nja eta enkour mah kitoe kaajaanana, heureut koo pakeun koerang koo bahan tea, toereng-toereng podah 5 Studenten henteu duek kaluar tina „Perhimpoenan-Indonesia“, panjoembang ti Pamarentah oge ditjabet, moal dibere deui, padahal anoe dipake njoembang ka Studenten teh, tina kas nagara. Ari kas nagara tea, kapun orag sarerea pada miloe ngeusan, nja eta koo roepa-roepa padjeg djeung djaba ti eta.

Lain maksoed koering arek ngabangkit pedah eta panjoembang koo pamarentah ditjabet, ieu mah ditjaritakeun soteh, soepaja djadi pikiran orag bae.

Lain sirik lain pidik, lain djengkel teu dibere, henteu aral teu soebaha.

Ngan, ajeuna orag sarerea koedoe inget, njamboeng ngaroengsoem, ka Studenten Indonesia teh, djadi kawajiban orag sarerea.

Bisana Studenten Indonesia anoe mareunang panjoembang Pamarentah teh narima doetna ti Raadsman, nja eta anoe djadi toedoh djalan ka maranehanana, tapi ari saenja-enjana mah, lain ngan djadi toedoh djalan bae, tapi djeung nalingakeun kalakoeanana hidji hidji Studenten tea, boh anoe meunang soembang ti Pamarentah, boh anoe ongkosna sorangan.

Ari ajeuna saenggeusna panjoembang ti Pamarentah teh ditjabet, kapaksa maranehanana koedoe njar kahiroepan sorangan, nepi ka aja Studenten anoe boeboeroeh di toekang roti, djadi toekang ngadoek (ngaduan) tjindeknna mah djadi tadah parentah toekang roti ten ari boerobanana ngan toekop pik un tamba lipar teuing bae, ari p paeu mah taja keur sulin.

Ari anoe teu meunang pagawean, nja direrejang koo pada batoerna anoe aja sakadar meueusan.

Diantara Studenten tea, aja poetra enak loeuer, tapi eta enak teh teu bisa ngirim deui ka poetrana anoe kasangsara di nagara Walanda, sabab didieu tja antjanan ti doengonganana, lamoen wani ngirim deui ka poetrana bakal dilepas tina kapangkatanana. Perkara ieu doeka koemaha perhoebonganana antara anoe djadi doengongan enak tea djeung Raadsman di nagara Walanda, da poegoeh oge ngan Raadsman anoe nalingakeun ka Student teh.

Tah geuning nepi ka aja kadjadian anoe saroeapa kitoe.

Koo sabab aja roepa-roepa kapribatian anoe karandapan koo Studenten Indonesia tea, tangtos pisan maranehanana teh.

digoe koeleng koo kabingoen nalangsa anoe karasa, sedih peurih noe kapanggih.

Ngan, moega-moega bae Studenten Indonesia teh, oelah keuna koo gogo da rantjara, oelah oenggoet kalindoean, oelah gedag kaanginan, koekoeh pongkoe, keukeuli pageuh, toeloej toemoele; dina pamakoedana.

Orag sarerea koedoe inget, lamoen Studenten Indonesia teh, diloeoetan koo kabingoen, lantaran koerang ieu tea, koerang kitoe tea, tangtos maranehanana teh moal djongdjong diadjarana. Oepama diadjarana tea henteu djongdjong mah, tangtos pisan hese rek meunangna pangarti, lamoen beralik ka lemah tjina henteu marawa pangarti, saroea bae djeung ngaroegikeun ka orag Indonesia.

Pikeun ngadaja soepaja oelah matak ngamoenderkeun kana pangharepan orag, perloe pisan ti ajeuna pada ngarodjong koo pibekeleunana.

Studenten Indonesia noe aja di Europa ajeuna, lamoen geus tjoekeup pibekeleunana mah, sanadjan maranehanana henteu bisa noeloejkeun pangadjaranana di nagara Walanda oge, lantaran rea anoe djadi halangan ka maranehanana, tapi tangtos maranehanana bisa noeloejkeun pangadjaranana di Europa teh loaruun nagara Walanda, Oepama Studenten tea, mareunangna pangarti atawa diploma ti Europa teh loaruun nagara Walanda, sarta barang balik ka lemah tjina, diplomana teh henteu dilirangan, doemeh lain ti nagara Walanda, tapi perkara ieu koo orag teu koedoe dipake leutik hate, sabab orag koedoe inget, jen somah Indonesia mah, henteu mikaboetoh kana diploma tapi kana pangartina.

Koo sabab eta perloe dirodj.ig koo sarerea.

Mingkin rosa pangdeudul ti orag, mingkin gede pangharepan orag

Anoe diarep-arop koo orag sarerea, baralika Studenten ka dieu teh, sina djembar boe panalar, sina soegih koo pamanggih, sina roba koo kanjaho.

Orag koedoe inget, lamoen geus rea bangsa orag anoe kitoe tangtos pisan Indonesia teh gampang madjoena.

Perkara kasangsaraan Studenten Indonesia noe ajeuna aja di nagara Walanda, geus lain antepen, lain tangkapeun, perloe pisan meunang pangdeudul ti sarerea, oelah diupilaukeun.

Nja ajeuna mangsana, pikeun nembongkeun tjinta bangsa tjinta lemah tjai teh, lamoen perkara ieu pada ngantep mah, kawas pisan anoe henteu ngabogaan rasaan. Aja pirakoe? Geuning ari dina ngobrol mah, saketjap kadoea merdika. Kapan ari ngoedag kamerdikaan teh koedoe koo pangarti, lain sabelong bentor bae.

Djoeragan Voorzitter!

Koo ingetan koering, ajeuna orag geus koedoena, ngadegkeun hidji Comité pikeun noending kana kasangsaraanana Studenten Indonesia di nagara Walanda.

Koo sabab eta, ajeuna koering njambut ka sarerea geura tembungkeun mikatjinta ka bangsa ka lemah tjai teh, koo djalan ngarodjong kana pamakoedana Comité.

Orag koedoe inget, mingkin rea bangsa orag anoe palinter, mingkin gantjang madjoena Indonesia.

Noeloen Djoeragan Voorzitter.

Tjoerat-tjaret.

Lain tempatna.

Sok naradjang di Kdj. Dalem Bandoeang, noe sagala aja, sagala njampak, kawasna dibudoean koo doengangan teh moal enja teuing diambil poesing, sok moen aja dina kabeneran. Koemaha ari lebah noe koedoe hiroep tina ngawola, noe kabogana ngan tanaga djeung pangarti, sok sakoomahaeun teuing gegebaganana, meunang soerat noe purarit, pararahaug kitoe.

Katjida pisan tjatogna kana kaha-jangna toean Kerkkamp, soepaja Pamarentah ngadaja oelah nepi-ka kadjadian deui noe pantar kitoe.

Oepama pamarentah ngantep, risi engke di ahir, eta kasakit teu kaopan tea, soemarambah njaksrak ka pasisan. Bo, japoer temen atoh!

Geura oepama aja Voorzitter Raad kaboeputen, entong make djeung noe-

lis soerat teh, tjara toean Goepnoer, teu mah, tjokot tjopelna, mere semoe bae ka hidji lid tuwahanana, hor sia pisakoemahaeun teuing! Terkadang-kadang moal bisa dahar, moal ngulah sare Bibiraean noe aja koo beungeut haseun.

Mangka mangka di bangsa orag! Ketah lain, lain di bangsa orag bae. Ngau di orag rada louwih. Doeka ari opat lima deupa mah poendjoelna ti Walanda.

Tjadoo moengkoek, tina sapooloeh noe dibaedun, moal aja doea noe wani angger tjitjing dina tangtonganana, nadjan jakin dina pikirna, manehna noe bener-Atoeli koemaha teu rekna kitoe, da poegoeh soemoreang ka toekang, nendjo anak pama-djikan. Mihapekeun beuteung tjohag na mah.

Oepama pangkat Goepnoer meuneng kitoe ka noe djadi Dalem, engke Wadana oge wani ka Loeraha noe dipertjaja koo somah koedoe djadi wakil di tempatin ngawakilan. Di mana bae: boh di Raad kaboeputen, boh di mirat atawa saloeloerunana.

Ti bareto, sanggeusna ngadeg Raad kaboeputen aja ti sawareh pilak noe kudenge tinggerentes hoream njekel kaedianana, tina meureun kagambar bisi kieu teu, kitoe tea.

Tah kasajaan noe kieu teh koo-oe oelah sina ngembang, koedoe didjaga koo pamarentah. Enja ari aja tea mah atoeran, oenggal elid bisa njaritakeun sagala roepa teu kalawan koedoe risi koo bakal aja noe ngaharoe biroe, tapi orokaja sok aja-aja bus djalan sedjenna.

Kalajang koo pamarentah teh djo. plak-djeplak bae ditjaritakeun, jen teu meunang. Djawabna ka toean Kerkkamp di Volksraad siga noe ieu koemaha, itoe koemaha. „Enja teu meunang, tapi...“

Tah oelah kitoe, Lebah dieu kawas Sedio Moeljo, pagoejeuba para Boepati, moal tega noeretan batoer, make njerenteng ka moesochina noendjoek-noendjoek. Geura Walanda!

Saentana toean Middendorp biantara di Volksraad, kapan andjeunna nja bedja rek ditjeumpang tina pagojeobanana, doemeh koemawani nembongkeun pikirana noe njitkabkeun katoenan paparentahan di Indonesia.

Tapi? ... Ten ngengkeun deui, kalajang... goeprak motie ragrag kana medja Hoofdbestuur ti tjahang Makassar, menta soepaja toean Middendorp oelah dikaloerkeun djeung oenggal elid koedoe boga kalonggaran nembongkeun tjita-tjitana.

Koering mah henteu ari tjara deungeun deungeun mah, nepi ka geuning dina soerat kabar Walanda aja noe njeboetkeun toean Goepnoer koedoe sina „goeleng tiker“, asal didjaga bae, oelah nepi ka noe boga bawahan boga djalan geusan ngagetririk-etririk bawahanana dina lain tempatna.

Dikompet daenkeun bae?

Tjenk beulah ti ditoe, madjar teh geus tetela nonoman Indonesia noe aja di Nagri pangna bilok ka kaum beureum „eutej“, sabab tjena sok dibarere deui koo Moskou.

Ajeuna djrg. Moehammad Hatta geus netalekeun, koemaha datangna deui, ti saha djeung kana naon di gawekeunana, nja eta dina soerat Kabar di Walanda (de Telegraaf). Soerna: nonoman noe keur massantren di Nagri aja noe soesah hiroepna. Eta kanjahoan koo djrg. Semoan Lantaran meureun teu-tahan nendjo *bangsana - doeloerna*—kasangsara nja boeboehan boeroek-boeroek papan djati, toeloej mere. Lain keur naon naon, estoe samanelaneunana bae.

Oepama kieu boektina, raha koedoe koeminis bae, p-dat. nampa deui ti koeminis?

Oepama koering, noe teu aja djo-rodjog kana elmoe kakoeminisan, mere deui ka anak koeminis doemeh eta boedak kasangsara, noelangan, kadjoereng koo kadjelemaan, naha koering koedoe koeminis?

Oepama aja djelema noe mere ka anakna toekang ngudjepit, naha eta noe mere teh koedoe salwasia bae toekang ngudjepit?

Jej, katjida teuing

Abah si Entep.

Koempoelan mana?

Dina soerat kabar K. W. (Nieuws van den dag) poe Salasa tanggal 16

hoelan ieu, dina lambaran kahidji, katja kahidji (mani teu mahi, bakating koo pandjang), aja artikel bennang S. njaritakeun naon sababna pugna di sabagian Priangan, di sababaraha bank desaloba noe toeng-guk.

Noerokteun eta artikel sababna taja lian lantaran di sababaraha desa aja bank desa partikoelir noe mere ngindjeum ka somah kalawan make renten noe pohara gedena. Di eta bank-bank desa partikoelir tea meh teu aja noe toenggak, lantaran mala-jar koo deui beunang ngindjeum ti bank desa biasa.

Ari eta bank desa partikoelir tea, noe teu baroga rechtspersoonlijkheid, pokna teh, ditalingakeun (dijoeleogoekeun) koo Boepati noe djadi beschermer, koo Patih djeung Wadana kota, nja eta voorzitter djeung Secretaris.

Batina, tjena, keur aandeelhouders ti 50 nepi ka 100%. Handjukal teu kapanggih saba noe djadi aandeelhouders-na noe saenja-enjana, ngan lobana aandeel saerang-oragna (bisa djadi pokna teh titahan batoer) aja noe f 200 nepi ka f 1500.

Oepama ditjindekkan mah eusina teh:

1. Loba bank desa golap, make renten nepi ka 8%, saboeleu (woeker).
2. Madjur kooperatief, tapi teu didjueg kedok bae, da batina keur aandeelhouders.
3. Eta bank desa golap diloeogoean koo B. B. pribonoi, toer B. B. Walanda teu dibere njaho.
4. Geus aja papuriksaan, tapi laporanana didiep.

Sanggeus matja karangan noe sakitoe ngempladna, bet panganggorean dipikir, di mana ajana eta bank noe saroeapa kitoe.

Asana mah atjan ngadenge. Tapi ari nendjo kana kontrol-kontrol kitoe, rada kaambeu.

Sabab njaho ari kana ajana pagojeoban noe ditangtajeung koo Boedati, dipresidenan koo Patih djeung disekretarisan koo Wadana kota mah. Nja eta di Tasik.

Kapan: Kangdjeng Dalem ngadegkeun „Poe-seur“.

Noe djadi beschermer - na andjeunna, noe djadi voorzitter djrg. Patih, noe djadi Secretaris djrg. Wadana kota.

Tjotjog nepi ka diuja mah.

Ngan toeloejna bet nja pitjeang, nja hoeloe maeng asam, lantaran tjara ngadenge make bank desa bank desa partikoelir mah, kitoe deui aandeelhouders. Moal kitoe noe ditoejoeleh teh pakoempoelan-pakoempoelan noe tjara R. O. P, mah (Roe-koen Oesaha Famili)?

Kitoe deui hal papuriksaan. Ieu oge kawasna tjotjog, da kapan bareto, bedjana aja noe marika ka Pro (lid Poeseur). Naha enja kitoe?

Lantaran koo eta artikel eta pagojeoban djeung menakna euweuh aloesna noe katenbong, naha teu perloe didongdon leuwih diaeuh; enja henteuna Tasik noe dimaksoed sarta dina enjana, naha teu perloe mere katerangan noe sabener benerna?

Keukeuh bae sok asa katjijit koelit, kabawa daging, boeboehan tea. Henteu leuwih aloes moen antoen sakali aja verslag ti bestuur P. D. H. dina soerat-soerat kabar, noe aerangkeun kanajaanana, soepaja kanjahoan koo djelema loba?

Oge pagojeoban-pagojeoban noe sedjen. Koemaha bae adat deungeun deungeun. Soegan djeung soegan moal aja sangkan noe garorong.

Lahiam.

Soerat kabar di tanah Djepang.

Saer Mikado Djepang noe kapoengkoer, naha disoempal bado ngasta karadjaan: „Koering rek diadjar ka opat madhad.“ Eta kasocoran maksoedna taja lian mere njaho ka sakabeh rahajatna, jen dina enggoning ngasta karadjaan teh bari rek nitenan atawa ngilari pamandangan ka karadjaan karadjaan seden di sadoenja, djalanana anoe tangtos kanjahoan sapoe, nja dina soerat kabar. Koo bab eta di tanah Djepang mah lain deui ajeuna djelema-djelema teh merloekuanana kana soerat kabar nepi ka meh oenggal djelema gede-leutik. awele-lalaki, pada baroga soerat kabar, toekang ngarit, toekang sasapoer di djalan, toekang boeboeroeh dagang

roti dj. r. d. lsmoen dina waktos ngareureuhkeun tape, dimana bae gekna, koodoe bae hari matja, boh soerat kabar, boh brekok, geus poegoeh ari di taman-taman tempat pelesiran mah, sukorec noe asoep ka dina lungka noe lengoh koodoe bae ngadjingdjing boekoe atawa soerat kabar. Noe di djero tamau ting darellok maratja, bari dariok dina bangkoe noe geus disadikeun, arang anoe sok ngadon ngawangkong page-de-gede omong noe teu aja hasilna, pamikiran bataan kitoe leuwih hade matja.

Noe matak sakite raresepeunana kana matja, koe sabab geus njarahoeun pigeunna, saperti matja soerat kabar isin bae pikeun nganjahoekun kaajaan kadjadian sapoe, oge pikeun pangoengon atawa pangadjaran oemoeun geusan nambahna el-moe, ngalemeskeun boedi, uambahan loeang, djeung aja deui pikeun menerkeun timbangan anoe koerang pantjeg, atawa ngaloeurkeun angen-angen oerang, anoe teu bisa kajaritakeun dina tempatna, di dina oerang bisa laloesa ngaloeurkeun naon angen-angen noe dikandeng, noe geuna pikeun sarereka geusan kasalametan.

Sabalikna soerat kabar teh euina aja oge noe sok djadi matak atawa ngaritoekeun ka sarereka, lamoen ngalanggar kana kasalametan oemoeun. Koe hal eta di tanah Djepang kasajaan soerat kabar teh didjaga pisan babakoena koe redaksina, oelah uepi ka eusina djadi onar, sabab lamoen kadjadian kitoe pikirna, matak ngawirangkeun bangsa sorangan ngalimakeun lempah tjai, anoe toengtoengna matak aib koe pamandangan dengeun. Beukina waktos kadjadian Prof. Tamimoto ngaritik hal maesta Djendral Nogi djeung geureuhana nelasan andjeun lantaran beia ka noe ti pajoen (saperti adat agama Bueda baheula) anoe tjek timbangan sarereka adat kitoe teh harita isah hade, kari kari koe ieu proposer ditjawad, dibatding-batdingkeun djeung bangsa Europa, atoh teu woedoe eta proposer teh koe sakabeh soerat kabar di tanah Djepang pada njarakan laklak dasar, anoe koerang pneas njarakan dina soerat kabar, koe soerat biasa nepi ka koerang leuwih aja 40 soerat noe katarima koe eta proposer njarakan, aja noe nitah dilepas tina kajangka-tanana, aja noe nitah diboeang ka sedjen nagara bakating koe geus emboeug nerdjo roepa roepana atjan, djeung aja oge noe nitah digantong; tah sakite di tanah Djepang mah oepama aja kadjadian noe matak ngalimakeun bangsa dimoeat dina soerat kabar, atawa ditaritakeun di tempat noe matak hina teh, koe hal eta salawasna mien aja noe matak koerang hade didjaga oelah nepi ka tembong dina soerat kabar. Sabalikna hal-hal anoe matak ngangkat daradajat bangsa djeung lemah tjaina ditembongkeun soepaja koe djelema sadoenja kunjahoan.

Hantja

A. Pr.

Pagoeneman lid A(njar) sareng lid H(eubeul).

H. Jil Koemaha geus nampi Langlajang Dumas noe munggoe kamari?

A. "Teu, atjan, kang. Na koemaha ari ka dieu sok dongkap? Rai mah bet ti sadok goem-lar panglajang teh, teu atjan nampi hidji-hidji atjan, padahal rai dindi lid teh parantos aja 2 sssihna langkoeng, eta bae ti waktos kempelan noe pangpandeurina tea di sakola Pasoendan doegi ka ajeuna."

H. Eum, naha nja? Henteu oendjekan ka salawasnoe bestuur?

A. Henteu kang. Moeng koe pangioten rai mah teu aja sanes, koe djalaran rai mah teu aja deui noe parantos lebet lid Pasoendan teh moeng rai woengkoel, djadi kagok roepina teh, da controbisi oge ka rai mah tara aja noe ngah, kawasna teh tarat didjalan.

H. Eum, edas, oelah ngantep andjeun: sok wadjeun koe controbisi, da tiasa koe majar satoeuneun disakalikeun, tapi eta panglajang kedah dioerosekeun, sababna mah, ji, karasana koe akang asa tjawarang, hidji lid sonder panglajang teh, moen pangango tea mah henteu koemplit; oerang teh moal bisa noetoekeun

kaajaanana pakoempoelan. Sanes kitoe, ji, ajeuna mah, soepados oelah kagok tea dongkapna eta panglajang, da kantenan pisan eta teh, beeeer siuh, ti dieu ka aji noe sakite teh-tihna, bestuur teh tjr miwarang ngantoeutkeun panglajang ka aji hidji, mendjing moen ageung. Ajeuna mah adjakan batoer sira lalebet elid, kila-langbara ari make saleleboer mah. atoh sing nepi-nepi ka aja poeloehna, ambeh teu rarat didjalan ngintoenna panglajang sareng moengoe Controbisi. Tjik koemaha kiuten-kiutenana?

A. Noemawi kang, rai teh bororah ngadjak-ngadjak ka batoer, rai sorangan oge, saparantosna djadi lid Pasoendan teh, bet risi djeung inggis, rempan djeung mangmang bae. Kamari ieu oge, rai teh jaktosna mah kapaksa bae, kagok asong, basa Djrg. poersiter njaoerkeun, anoe sanes elid kedah kaloeur teh, era rek medal silana, noe mawi tjek hate teh: Koemaha ieu, moendoer wirang, madjoe ora kewagang. Tapi toengtoengna nja sieun koe wirang, kop bae kana keretas noe kedsh ditanda, djebrod bae neken, kantorbisina gou-djang bae dibajar harita 3 baroe.

Tapi ajeuna hate rai teh mangsarmingsir bae, sieun.

H. Aeh-ah, deulen itoe, oetuek nepi ka kitoe. Naon anoe dianggo kasieun teh? Tjik, tjik, ka akang sobatkeun, soegan djeung soegar akang bae pambaan, soegan pangartian akang bisa soemerep.

A. L-h nja eta kang. Malah ajeuna teh rada atoh koe akang diboea tina hal eta, soegan ka rai bisa rada ngemplong.

Babakoena noe dipikainggis teh, nja eta witeh ajeuna teh geuring sakieu harengheung, sakieu weritna kana bangsa koempoelan-koempoelan teh, kapan sadja oge moal aja noe bireuk, dikoemahakeun djalalema noe arasoep kana koempoelan teh, sanes matak soesah ari kitoe. Heug rai mah suuk reuaj keur bilatoeng doelang.

Tah rai mah sakite bae inggis teh, sieun djadi babla kana awak Tjik mangga manahan, moensabab eta kasieun rai teh atanapi henteu?

H. "Beu amben, pangan teuing atoh ari kitoe mamalahan mah.

Sesah temen madjengna Pasoendan teh oepami masih keueh seueur noe kitoe mamalahana mah. Itoe mah ditarangkepan soteh, atoh da sanes deui toedjoeanana, meureun rai oge parantos ngadange toedjoeanana pakoempoelan koeminis, koemaha pakarepanana koeminis, naon noe koe marahehanana rek dilalampahkeun teh?

Kapan geuning sakite matak itoer-na ka lemboer, geundjeungna di dajech, earna di ugara.

Koemaha ari kama toedjoean Pasoendan rai geus oeninga?

A. Noe mawi meh teu atjan kang, mana sieun babla oge ka awak, sieun matak djadi boendel.

H. Beu, edaas. Ari sakabehna mah prudjang teuing. Geura koe akang rek didjajan noe deukeutna bae anoe beuki. Noe pandjang lebarna mah engke oepama aja waktos oerang ngadar-ueus ka salawasnoe bestuur oerang taroskeun sias etjes, atanapi dina vergadering deui.

Ari Pag. Pasoendan teh maksoetna nja eta: sedja ngangkat daradajat, harkat djeung ngamadjoekueu ngadjoengloeng bangsa, basa djeung lemah tjai oerang; koe djalan note taradje, nintjak hambalan.

Anoe karasa bae koe oerang ajeuna, geura No. 1 geus bisa ngadogekeun H. I. S. Kapun koe eta oge geus sabarah ratoes djelema noe kateo-koeng, nepi ka boelakna barisa sakola H. I. S. anoe sakite oelahna bajang ngasoek keun kadinja teh, sanes? Sedeng djelema sakite keur neung-treungna kama ngamadjoekueu barudakua.

Da djaba ti Pasoendan mah, mana koempoelan anoe ngeroes enja-enja kana pangaboetoeuna djelema-djelema tina hal sakola, masing koempoelan anoe gede oge noe aja di oerang di Tasikmalaja, tjabi sebatkeun koempoelan naon, noe parantos ngagadoehana sakola noe oetama, noe disjahkeun koe pamarentah?

Da teu aja sakaberang akang mah. Koe eta oge, tjek-akang mah parantos wadji di oerang ngamoemoele, ngamoelasara kana Pag. Pasoendan teh. Komo oepami ngingetkeun kana ngeroesna ka oerang, koe djalan miloe ngeroes lemboer, ngahenjeuk

dajeub, ngolah nagara mah, soepaja dioerangna enteng oentoeng, njoe-hoenkeun ngeroerangna padjeg tea, verponding tea naon, teu koe hanteu.

Toeroeg-toeroeg majar controbisi oge make djeung meunang soerat kabar nanaon, anoe pikeun djadi panggoegah ka noe tjai ngalimah maual, panggeuing kanoe atjan njaring pikir, noe minangka djadi gambar lopianana.

Geura mangga manahan. Da pikeun di akang mah mau asa gadoeh naon bae, kana Pag. Pasoendan teh. Ari pakoempoelan noe rek ngangkat teh ka oerang, anoe heman, anoe njajah teh ka oerang, atoh koe eaba diromatana, dibelaana, didogona, dibajogona, ari sanes koe oerang?

Poupeuriheun oerang teu prak sorangan atoh njamboeng-njamboeng njaroengsoem koe djalan ngiring ngamoemoelena, wakil kana doest 5 ketip saboelan, etang-etang paroeuli Langlajang Dumas, aloe memang bargana sakitoe.

Hanas eta pantjabajana noe koe rai dipikainggis tea. Geura, kieu oerang teh oelah rek teh-tibit noe ditingali pandjang-pandjang noe dimanah, emoetkeun bae noe djadi pangeroesna di dieu, di oerang, di Tasikmalaja, s-lha hidji-hidjina, naon padamelana.

Sapertos noe djadi voorzittera: Djrg. Ahmad, Goeroe H. I. S. I. Seketarisna Djrg. Soemirat, Goeroe H. I. S. II. Penningmeesterna Djrg. Natadisatra Djrg. Mantri goeroe Tj-tapen, sareng Djrg. Wegopziener Regentechaps Raad Commisaris-Commisarisna Djrg. Djrg. Keurmeester, djrg. Mantrigoeroe H. I. S. I.

Mangga tingali, bangsa naon, naon padamelana? Kapan eta teh sadja oge padamel Goepsremen, anoe djadi pangeroesna. Oepami arandjeunna djadi pangeroes pakoempoelan anoe matak djadi bai za elid-elidna, naha dikinten moal arandjeunna anoe di-heulikeun diraringkoes teh? Kapan oerang mah kaetang anggang pademoekan oge, poelisi oge ka oerang mah meureun koeude mapaj heula naranjakeun, di mana imahua, lemboerna, memb narangkep teh, ari arandjeunna mah koemaha?

Sanes tjarik di sihoeng maoeng? Kantoe gep bae meureun njanggiwar meureun oge.

Kapan geuning het teu barentol-bentol atjan, saes?

A. Leuh eeedas, kang, oendjoek noehoen, kang, uembe koe sakite oge rai teh parantos ngemplong: Tete-la, kang, nja kitoe. Keun, engke mah batoer djoeok bala rea teh rek dibedol, sabisa-bisa.

Toko OBAT NIC MULLER TASIKMALAJA.

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

Sagala LANDONG sajagi sapertos: Kaloepoetih toelen. Minjak Hades.

Landong ujeri kahampangan. id. rabeut. id. intjak. id. rabeut sareng soenatan. id. njeri panou.

Kastor olie WANGI. Landong ujeri beuteung sareng boe-boeang.

id. rieht sareng panas tiris. id. tjatjung. id. soepaja tiasa sare.

id. gubgoj. id. tambih kaktian salira sareng getih. id. koerap sareng hapoor.

id. anggoeun machan koetoe dina sirah.

Sareng sagala roepi bae anoe henteu disibat hidji-hidji deui.

TJELEP anggoeun njelepan sipat njamoe sareng raksoekan!!!! Model. Moal loentjer deui!!!

Itjaleun deui kenging korting ageung. Flit (nja eta landong anggoeun machan reungit, sireum toembila, gegot, e. c. t).

Kompa pangas f 1,25 landongna f 1,25-2-f 3,50.

Goela-goela sareng sesepun noe raras, sareng pantes pangasna.

Prijskoran kenging perdio.

Mangga soemping koe andjeun Noe ngantos
NIC MULLER.

Ha'oe oeninga.

Hatoer oeninga, ajeuna Bibliothek "Sinar-Kamadjean" noedjoe njitak boekoe Titelna "Rasiah hidji kocir." O-pami djoeragan djoeragan bade ngarsakeun ngagaleuh timpah, pangasna djilid ka I f 0,25, ka II f 0,25. Djadi anoe 2 djilid (sastel f 0,50) kandelna ± 100 katja oepami bade timpah pangasautikna 25 stei, kenging potongan 10%. Oepami djoeragan ngintoen artos ti pajoen, saparantosna dipotong koe 10% tea. Oepami boekona parantos anggeus ditjiktana tangtos enggal dikintoenkeun ka boemi.

Ieu atoeran timpah, Reyu postwissel kedah dianggap kwitanti-na sareng waktosna moeng doegi ka 15 September 1927. Margi oepami parantos kaloeur mah, pangasna: djilid ka I f 0,30, ka II f 0,45.


Karamanana sareng kasanaanana eta boekoe, lepat oepami dipoeadi koe noe ngaloeurkeun... tjindekn mah... loetjoe bae. Kenging Jiaos koe, istri pameget, koe noe anom koe noe sepoeh. Langkoeng oetani disaksikeun koe andjeun kalajan enggal pesen kedah ti ajeuna:

ka Moehamad-Satibie

Pasar-kolot
TASIKMALAJA.

N. B. Noe bade pesen adresna: djenengan, padamelan kp. tempat linggih Postkantoor kedah diserat anoe terang.

Na jaktos djoeragan teu atjan oeninga kasanaanana mobil FORD?



- Ford: Gamgil mirana.
- Ford: Mirah pangasana.
- Ford: Kiat dianggon.
- Ford: Gamgil sareng mirah paparabotanana.
- Ford: Kiat, di jalan noe nandjak.
- Ford: Irit nganggona benzine, olie sareng band.
- Ford: Keugug dipertjanteun, margi nganggo dubbele onsteking, (electrisch sareng maguet).
- Ford: Koe margi eta, njanangkeun sareng ngoentoengkeun ka anoe kagoengna.

Pangasna di TASIKMALAJA:

Ford Touring nganggou Selfstarter sareng bailou band	f 1630.-
Ford Runabout (sabarangkoe)	f 1570.-
Ford Sedan	f 2330.-
Ford Sedan Tudor	f 2145.-

Tjan Wan Joe

Ford Agent Heerenstraat 17.

(Goenoeng Ladoe, pajoeneun Goenoeng Singa).

P. S. Pikeun njanangkeun ka Djoeragan-djoeragan, perkawis pembajaranana tiasa dibadantenkeun.

ADRES noe parantos KASOR

DAHJAN

Toekang Mas Roemah. 18

TASIKMALAJA.

Ngitjal roep-roepi perhataan tina mas sareng perak. damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel pen-ti, soember, lilpen, padamelan ditanggal sas sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roep-roepi-lodji sakoe, eriodji tangan, wkker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deul perhataan mangga djoeragan-djoeragan enggal saremping soepados kaecalinga.

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

EEREDIPLOMA MEDALI

3 M.A.S.

Preanger Chemicalien

Handel

Telefoon No. 76.

Salamanja sedia roepa-roepa obat pateut dan lain lainna, Microman, Serostoe, Sigaret, Katjamata, Cntex, Boncilla, dau pekakas potret.

Toko KHOUW SIAUW SENG

(Toko BENC).

Tasikmalaja Telefoon No. 7.

Sajagi Karet Mesin Simplex sareng sanes-sanis Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Mitchell, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (nderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer saperti Beureun, hedjo, blaos, koneng kolot, bodas sareng nganggou strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggou leter monogram koe aer mas, sas pisan pikeun soepmer.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasoloh kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngarange bedil angin (windbuis) pikeun pesiran, nja eta keur boeboeronan atawa keur manoe, badjing, tjareub, ganggarangan anoe sok ngaraksak kana pipiranaan, heulang, kalong, sareng sadjahi ti eta sato sato anoe ngaraksak, tangtos tape kenging koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggou vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 3 roepi anoe kaliber 5/8 sareng 4/8, nja eta merk B. S. A. anoe masoer kaktianana sareng saena, pelorna sajagi tjekoep, sadjahi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, eriodji anoe saras, peso silet peso tjekoer goenting mesin anoe parantos masoer kasanaanana, njondong roepi roepi oekoran filter (saringan tjai) pikeun ngadjadi kawarasan, atawa kasihatan.

